



Charlie Crist
Gouvènè

Ana M. Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
Ofisyèl Wo Grade Sante Piblik pou Eta Florid la

22 Oktòb 2009

Chè Paran/Responsab Elèv:

Depatman Lasante nan Kanton Polk la ap ofri opòtinite vaksinasyon nan lekòl pitit ou gratis pou pwoteje timoun yo kont viris ki bay Grip Pòsin ki rele H1N1 an. Bi nou se pou nou diminye kantite timoun maladi sa a ka fè rete lakay yo epi vaksinen timoun yo yon fason pou sa pa antèwonp demach aprantisaj yo ak aktivite chak jou yo. Pou nou kapab rive reyalize objektif sa yo, nou bezwen èd ou.

Nou atache devan pake a dat pitit ou a ap gen chans pou l resevwa vaksen an. Anplis, pake sa a gen lèt pou paran an, yon Fòm Konsantman pou Vaksen an ak Fèy ki gen Enfòmasyon sou Vaksen kont maladi Grip Viris H1N1 an pou vaporizatè (spray).

Pou w ka pwofite avantaj vaksinasyon sa a, ou dwe pase nan etap sa yo:

- Pran tan w pou w reponn keksyon moun plis ap poze nan do lèt sa a epi ak Fèy ki gen Enfòmasyon sou Vaksen kont maladi Grip Viris H1N1.
- Paran ki pa sèten si pitit yo dwe pran vaksen an dwe diskite chwa vaksinasyon an ak doktè pitit yo. Genyen tou yon nimewo telefòn ki rele Liy Enfòmasyon nan Florid sou Grip la (1-877-352-3581) pou w rele pou jwenn plis enfòmasyon sou Grip Pòsin H1N1 an. Liy enfòmasyon sa a disponib depi huitè (8 è) nan maten pou rive huitè nan aswè, sèt jou nan semèn nan. Enfòmasyon yo disponib nan lang Angle, Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen. Sit entènèt www.myflusafety.com ak www.flu.gov itil anpil tou pou jwenn enfòmasyon tou nèf pou ede paran pran desizyon dapre enfòmasyon yo genyen.
- Si w swete fè pitit ou pran vaksen li nan lekòl li, ranpli Fòm Konsantman pou Vaksen yo atache voye ba ou a epi voye l retounen nan lekòl pitit ou nan dat yo endike ladann nan.

YO PAP BAY OKENN TIMOUN VAKSEN SAN PARAN LI PA RANPLI EPI SIYEN FÒM KONSANTMAN POU VAKSINASYON AN.

REMAK: Timoun (ki gen 9 lane oswa mwens pase sa) ap bezwen pran yon 2èm dòz vaksen apre 30 jou pou yo kapab gen pwoteksyon sifizan. Paran timoun sa yo ap resevwa yon 2èm fòm konsantman nan lèt dat pou yo ranpli pou pitit yo kapab resevwa 2èm dòz vaksen an nan lekòl yo.

Mèsi davans pou kolaborasyon ak sipò w pou demach enpòtan sa a pou pwoteje lasante chak timoun ki gen laj pou ale lekòl.

Daniel O. Haight, MD, FACP
Direktè, Depatman Lasante nan Kanton Polk la
Pwofesè Asosye, Depatman Maladi Enfektyez
College of Medicine, University of South Florida

DEPATMAN LASANTE NAN KANTON POLK LA

Daniel O. Haight, MD
Direktè

OFFICE OF THE DIRECTOR
1290 Golfview Avenue, 4th Floor Bartow, FL 33830-6740
Telefòn (863) 534-7277 FAX (863) 534-0293

Lynne M. Saddler, MD, MPH
Asistan Direktè

Keksyon Moun ap Poze ak Repons Konsènan Vaksen k'ap bay nan Lekòl yo

K. Èske vaksinasyon kont Maladi Grip Pòsin H1N1 an obligatwa oswa volontè?

R. Vaksinasyon kont Maladi Grip Pòsin H1N1 an volontè. Florid pa fòse pèsonn pran vaksen sa a.

K. Konbe sa ap koute pou yon moun patisipe nan pwogram vaksinasyon nan lekòl yo?

R. Yo mete pwogram vaksinasyon nan lekòl sa a gratis pou paran yo.

K. Èske mwen dwe la lè pitit mwen an ap pran vaksen an?

R. Menm lè yo pa mande sa, paran yo kapab prezan lè pitit yo ap pran vaksen an (sof si regleman Direksyon Jeneral Lekòl la pa pèmèt sa).

K. Èske okazyon sa a se ap sèl chans pitit mwen ap genyen pou l pran vaksen?

R. Resevwa vaksen kont Grip Pòsin H1N1 an nan lekòl la se pap sèl opòtinite w'ap genyen. Kapab gen vaksen disponib nan klinik doktè, nan famasi ak nan lòt kote ankò lè gen plis vaksen ki vini. Sepandan, yo ka fè w peye yon ti kòb nan kote sa yo pou yo bay vaksen an.

K. Èske ap gen ratrapaj nan lekòl la si pitit mwen an te absan oswa si li pat remèt fòm konsantman an?

R. Si pitit ou a absan jou nou te vizite lekòl li a, w'ap bezwen mennen li kay doktè pèsone l li oswa lòt kote y'ap bay vaksen an. Nou pa kapab fè ratrapaj pou vaksinasyon sa yo nan chak lekòl.

K. Èske tout lekòl ap bay vaksen an nan menm jou?

R. Se pa tout lekòl k'ap gen vaksinasyon nan menm jou a. Aktivite vaksinasyon yo ap planifye pou lòt lekòl nan pwochen semèn k'ap vini.

K. Kouman Depatman Lasante a ap fè rasire l se timoun ki merite vaksinen an ki resevwa l?

R. Jefò pou rasire nou se timoun ki merite vaksinen ki jwenn vaksen gen ladan yo: ekri non elèv la davans, nimewo idantifikasyon elèv la ak klas l'ap fè sou fòm yo. Si ta gen keksyon oswa dout sou idantite yon timoun, yo pap bay timoun sa a vaksen an.

K. Èske Maladi Grip Pòsin H1N1 an bay pwoteksyon kont grip sezon moun abitye genyen an?

R. Non. Yo rekòmande pou w toujou fè vaksinen pitit ou kont grip chak sezon an.

K. Èske y'ap bay vaksen kont grip chak sezon an nan lekòl la?

R. Non. Paran yo dwe kontakte doktè yo konsènan vaksen kont grip sezon an.

K. Ki moun pou m kontakte si m gen plis keksyon oswa dout?

- Paj ki gen Enfòmasyon sou Grip Pòsin H1N1 an (www.myflusafety.com)
- Liy nan Florid sou MALADI GRIP (1-877-352-3581), ki disponib 24/7 ak yon tep ki gen mesaj anrejistre, gen operatè an dirèk ki disponib soti depi 8:00 nan maten pou rive 8:00 nan apre midi.
- Depatman Lasante nan Kanton Polk la, 863-534-7277

•